

MUSYAWARAH GURU MATA PELAJARAN
MGMP – BAHASA JAWA
SMP KABUPATEN CILACAP

LATIHAN SOAL ASTS SEMESTER 1
SEKOLAH MENENGAH PERTAMA (SMP)
TAHUN PELAJARAN 2025 / 2026

DOKUMEN

SANGAT RAHASIA

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VII (Tujuh)
Hari / Tanggal :
Waktu : (90 menit)

PETUNJUK UMUM:

1. Berdoalah dahulu sebelum mulai mengerjakan soal.
2. Tulislah lebih dahulu nomor kode sekolah dan nomor peserta Anda pada lembar jawaban yang telah disediakan.
3. Periksa soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
4. Jumlah soal sebanyak 35 butir pilihan ganda, 5 uraian dan semua harus dijawab.
5. Dahulukan mengerjakan soal-soal yang Anda anggap mudah.
6. Kerjakan pada lembar jawaban yang disediakan dengan menggunakan bolpoint / pulpen yang bertinta biru atau hitam.
7. Apabila ada jawaban yang Anda jawab ternyata salah dan Anda ingin memperbaikinya, coretlah dengan dua garis lurus mendatar pada lembar jawaban anda yang salah, kemudian beri tanda silang (X) pada huruf yang Anda anggap benar.

Contoh : Pilihan semula : a b c d

Dibetulkan : ~~a~~ b c d

8. Periksa pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada Pengawas.

- I. Pitakon nang ngisor kiye wangsulana kanthi menehi tandha ping (X) ing aksara a, b, c, d kang bener ing lembar wangsulan!
Teks kanggo soal nomer 1-3

Banjir

Akir sasi Januari wingi banjir lan tanah longsor nang ereng-erenge Gunung mandalawangi, Kabupaten Garut, Jawa Barat njalari wong 21 tiwas, wong 81 ilang, lan 611 kulawarga kepeksa ngungsi. Nang Sidoarjo, Jatim, patang dina terus-terusan kuthane kerendhem banjir, kamangka sedurunge durung tau ana banjir. Nang Tulungagung, Jatim, patang kecamatan kerem, nang Bojonegoro 13 kecamatan kerendhem banjir lan umah warga cacah 14.630 kerem. Banjir lan tanah longsor njalari pedhote dalan lan atusan umah dadi kerendhem.

Seliyane kuwe, dhewek tesih kelingan banjir gedhe sing kedadeyan nang kutha Jakarta lan Surabaya akhir taun 2002, sing njalari karugian materi lan uga nyawa. Pancen nang akir taun 2002 lan wiwit taun 2003 bebendu banjir lan tanah longsor kaya ora ana mandhege.

1. Isi teks nang paragraph siji ya kuwe ...
 - a. bantuan panganan lan sandhangan sekang pamrentah wis ditampani pengungsi
 - b. akeh masarakat sing kelangan keluargane merga musibah banjir lan tanah longsor
 - c. udan gemrejeg sedina sewengi ndadekna umah-umah nang Kabupaten Garut kerem
 - d. masarakat sing umahe kerem merga banjir padha ngungsi meng panggonan sing dhuwur

2. "...**bebendu** banjir lan tanah longsor ora ana mandhege." Dasanama tembung sing ditulis kandhel ya kuwe ...
 - a. wayah
 - b. musibah
 - c. banyu
 - d. dhaerah
3. Ukara nangisor kiye sing padha karo swasana teks nang nduwur ya kuwe ...
 - a. masarakat Cilacap pada seneng nonton karnaval pembangunan sing dinakaken dina Setu wingi
 - b. nelayan nang pesisir kidul ora bisa nggolet iwak amarga kapale rusak amarga kena tsunami
 - c. siswa-siswi nang SMP Kecamatan Kroya padha kemah kanggo mengeti dina Pramuka
 - d. Pak Diman ulih undian hadiah montor pas melu jalan sehat nang kecamatan

Teks kanggo soal nomer 4-6


Upacara tradhisi sedhekah laut dianakna minangka salah sijine pambudi kanggo ngumpulna nilai-nilai luhur kabudayan Jawa sing wis kawentar edi peni. Sedhekah laut dianakna masarakat nang pesisir kidul kayadene Cilacap, khusus para nelayan saben Wulan sura. Sesaji mau kuwe mujudna rasa sukur marang Gusti Kang Akarya Jagad nek para nelayan wis diwei rejeki sekang laut kanthi wujud iwak. Tujuane ben ulih keslametan, ayem, tentrem, lan bisa kasembadan apa bae sing dikarepna.

4. Manut teks nang dhuwur, wujud rasa sukur marang Gusti digambarna nganggo ...
 - a. sesaji
 - b. iwak
 - c. sedhekah
 - d. dhuwit
5. *Sedhekah laut dianakna masarakat nang pesisir **kidul** kayadene Cilacap.* Kosokbalene tembung sing ditulis kandel ana nang ukara kasebut ya kuwe...
 - a. wetan
 - b. kulon
 - c. tengah
 - d. lor
6. Manut teks nang dhuwur, sing nganakna tradhisi sedhekah laut ya kuwe ...
 - a. petani nang desa
 - b. nelayan nang pesisir
 - c. pamrentah pusat ing Jakarta
 - d. kabeh masarakat nangendi bae

Teks kanggo soal nomer 7-9

Sebenere kabeh wis padha ngerti nek bebendu sing kedadeyan awujud banjir bandhang lan tanah longsor kuwe udu kedadeyan alam murni, nanging woh sing dhewek undhuh sekang apa sing dhewek tandur, ya kuwe merga dhewek ora perduli meng alam lan lingkungan. Mulane, nek tekan siki dhewek ora njaga lan segeleme dhewek karo lingkungan, aja kaget ngemben akeh bebendu sing bakal kedadeyan nang panggonane dhewek. Mulane pamrentah lan masarakat, medhia masa lan organisasi-organisasi masarakat kudu luwih nggatekna sarta ndandani supaya nguri-uri lan njaga lingkungan panguripan nang sakiwa tengene dhewek.

7. Gambar nangisor kiye sing cocok karo apa sing dikarepaken teks nang ndhuwur ya kuwe



8. "...woh sing dhewek undhuh sekang apa sing dhewek tandur," ukara kuwe padha tegese karo pranyatan nangisor kiye, ya kuwe ...

- a. sregep sinau mesti bijine apik
- b. tanggane susah kudu gelem ngibur
- c. kancane ora nggawa pulpen, disilihi
- d. ibu njaluk tulung cepet-cepet dilakoni

9. Manut teks nang ndhuwur, sing kudune njaga alam supaya ora ana bebendu banjir lan tanah longsor ya kuwe ...

- a. pamrentah
- b. organisasi
- c. medhia sosial
- d. kabeh warga

Teks kanggo soal nomer 10-12

Adicara adat ritual sedhekah laut kiye biyasane dianakaken warga sekangmpung, sadesa, dhong-dhong malah luwih, padha nganakna slametan bareng-bareng. Kabeh kuwe duweni pangajab ben ditambahi keslametane, ulih berkah sekang Gusti. Umpamane nek nggolet iwak meng segara ulihe akeh, praune ora rusak, nelayane padha slamet diadohna sekang godha. Kabeh kuwe mau wis dadi adat lan tradhisi wong kisik umume.

10. Tujuane wong-wong kisik nganakna adat tradisi sedhekah laut ya kuwe ...

- a. srana silaturahmi antarane warga masarakat sing dadi nelayan
- b. srana njaga kerukunan lan gotong royong antarane warga nang pesisir
- c. wujud sukur marang Gusti ben diwei keslametan lan diadohna sekang alangan
- d. wujud tolak bala ben ora ana alangan nalikane lagi golet iwak nang laut / segara

11. Pitakonan sing trep karo wacan nang dhuwur ya kuwe ...

- a. kanggo ngapa para nelayan nglakoni sedhekah laut?
- b. kepriwe dukungan pamrentah marang tradhisi kiye?
- c. kapan masarakat nglakoni ritual sedhekah laut?
- d. apa bae isine jolen sing dilarung meng segara?

12. Becike wong enom marang adat tradhisi ya kuwe ...
 - a. nglakoni kanthi ati abot lan kepeksa
 - b. gelem nguri-uri lan ngunggah nang sosmed
 - c. isin nek nglakoni adat tradhisi merga ora kekinian
 - d. ninggalna, lan nganggo budayane wong luar negri

Gambar kanggo soal nomer 13-15



13. Ukara sing trep kanggo nyeritakna gambar nang dhuwur ya kuwe...
 - a. masarakat nang dusun Donan padha ngresiki dalan kanggo nyambut dina kamardikan
 - b. siswa-siswa SMP Negeri Sukamaju nindakaken upacara bendhera saben Senen kanthi hikmat
 - c. sedurunge siap-siap mangkat sekolah Ana ora tau lat ngrewangi ibu ngresiki omah lan latar
 - d. bapak-bapak padha semangat kanggo menangaken lomba panjat pinang nang lapangan Krida
14. Tumindak sing bisa dituladhani / diconto sekang gambar nang dhuwur ya kuwe ...
 - a. gotong royong
 - b. sregep sinau
 - c. andhap asor
 - d. lila legawa
15. Piwulang sekang gambar nang dhuwur ya kuwe ...
 - a. nek kancane lagi susah kudu gelem lan lila nulungi
 - b. gotong royong kudu diutamakaken kanggo njaga karukunan
 - c. njaga karesikan lingkungan dadi tanggung jawab kabeh warga
 - d. dadi murid kudu sregep sinau supaya bisa nggayuh kepinginan

Teks kanggo soal nomer 16-18

Nang sebageyan panggonan, tata cara sedhekah laut meh padha. Umpamane nang laut Jawa lor meh padha karo laut Jawa kidul. Nang laut Jawa kidul, sedhekah laut dipunjungna nganggo “jolen” sekang tembung aja kelalen, wujud kain poleng, kain teluk watu, selemba semekan dringin, semekan songer, kain ngisep sari, kain pandhan binethot, kain bangun tolak, kain mori telung lembar, ageman gadhung mlathi. Nang tlatah laut Jawa lor, adat saben nganggo endhas kebo ditambah ubarampe liyane, kanggo slametan lan dilarung nang laut utawa segara.

16. "... kanggo slametan lan dilarung nang laut utawa segara.
Gambar sing cocog karo ukara ndhuwur ya kuwe ...

a



c.



b



d



17. Tembung "jolen" kalebu kerata basa sing duweni teges aja kelalen, nek tembung guru tegese ...
 a. digugu lan ditiru
 c. digugu lan dirumat
 b. guyub lan rukun
 d. guneman lan rumangsa
18. Dudutan (simpulan) sekang teks nang dhuwur padha karo paribasan nangisor kiye...
 a. jer basuki mawa beya
 b. aja cedhak kebo gupak
 c. desa mawa cara negara mawa tata
 d. rawe-rawe rantas malang-malang putung

Teks kanggo soal nomer 19-21

Sekar gambuh ping catur,
 kang cinatur polah kang kalantur,
 tanpa tutur katula-tula katali,
 kadaluwarsa katutuh,
 kapatuh pan dadi awon.

19. Tegese tembung *awon* nang gatra kepat ya kuwe...
 a. ala/elek
 c. crita
 b. akeh
 d. apik
20. "*kang cinatur polah kang kalantur*".
 Tegese gatra nang dhuwur ya kuwe ...
 a. tumindak sing salah nang masarakat
 b. tembang gambuh sing kaping papat
 c. tumindake ora bisa dikendhalekna
 d. nyritakna tumindak sing kebanjur
21. Piwulang sing kagambar sekang pethikan tembang nang dhuwur ya kuwe ...
 a. watek gumedhe guwe kudu diindari amarga bisa ngrugekaken
 b. manungsa sing ora bisa nglakoni pitutur becik ora bakal slamet
 c. kudu bisa njaga tumindak supaya ora keblasuk meng barang ala
 d. becike murid kudu sregep sinau lan ngendelaken unggah-ungguh

Teks kanggo soal nomer 22-24

Pitutur bener iku,
sayektine apantes tiniru,
nadyan metu saking wong sudrapapeki,
lamun becik gone muruk,
iku pantes sira anggo.

22. Manut tembang nang dhuwur, pitutur sing kudu ditiru ya kuwe
- pitutur bener lan apik
 - metu sekang wong sugih
 - metu sekang wong sudra
 - pitutur wong-wong jaman biyen
23. Dasanama tembung sira ana nang pethikan tembang nang dhuwur ya kuwe ...
- aku
 - ala
 - sae
 - kowe
24. Wos utawa isi tembang nang dhuwur ya kuwe...
- piwulang apik sekang sapa bae kuwe kudu dienggo saben wektu
 - kudu tansah nglakoni tumindak sing jujur ben ora cilaka
 - karo tangga teparo kudu guyub rukun ora kena crah
 - aja duwe watak sombong utawa gumedhe

Teks kanggo soal nomer 25-27

Aja nganti kebanjur,
barang polah ingkang nora jujur,
yen kebanjur sayekto kojur tan becik,
becik ngupayaa iku,
pitutur ingkang sayektos.

25. Guru wilangan lan guru lagu gatra kaping papat tembang ing dhuwur ya kuwe ...
- 7u
 - 8u
 - 10a
 - 9u
26. Wos sekang pada tembang Gambuh ing dhuwur ya kuwe...
- manungsa kudu bisa mbedakaken tumindak sing apik supaya ora cilaka
 - manungsa sing duwe watak apik kuwe dipadhakakae kaya kewan gajah
 - gotong royong karo tangga teparo kudu tetep dijaga supayan ora crah
 - seneng goroh kuwe tumindak sing ora apik mengko bisa keblasuk
27. Tuladha tumindak apik sing trep dilakoni miturut isine tembang ing dhuwur ya kuwe...
- kudu bisa ngedohi sipat sombong
 - aja nglalekaken jasa wong tuwa
 - aja dadi wong kang watake elek
 - seneng nglakoni sipat jujur

Teks kanggo soal nomer 28-30

Ana pocapanipun,
adiguna adigang adigung,
pan adiguna kidang adigung pan esthi,
adiguna ula iku,
telu pisan mati sampyoh.

28. **telu pisan mati sampyoh.**
- Gatra nang dhuwur tegese ya kuwe ...
- telu-telune mati kabeh
 - ana omong-omongan
 - sing ketelu kudu bareng
 - ngendelaken kekuasaan

29. Gatekna tabel nangisor kiye

i. Adiguna	a. ngendelaken kekuasaan
ii. adigang	b. ngendelaken kapinteran
iii. adigung	c. ngendelaken kaluhuran

Gathukan sing trep ya kuwe ...

- a. i-a, ii-b, iii-c c. ii-a, i-b, iii-c
b. i-b, ii-c, iii-a d. ii-b, iii-a, iii-c
30. Wos / isi tembang sing trep ya kuwe ...
a. manungsa becik ya kuwe kudu duweni kepinteran lan kekuatan
b. manungsa paling kuat ya kuwe manungsa kang duweni kuwasa
c. manungsa kudu duwe kaluhuran lan kapinteran kang bisa digungake
d. manungsa aja gumunggung marang kekuatan, kaluhuran lan kapinterane
31. Kewan kang dicritakaken sekang tembang nang dhuwur ya kuwe ...
a. gajah, macan, ula c. terwel, cecek, lan uler
b. kidang, gajah, lan ula d. kidang, gajah, lan terwel

Teks kanggo soal nomer 32-35

Si kidang ambegipun,
ngendelaken kebat lumpatipun,
pan si gajah angandelken inggilipun,
ula ngendelaken iku,
mandine kalawan nyokot.

32. Manungsa sing duwe sipat ngendel-ngendelna kapinterane/kaluwihane digambarna kaya kewan ...
a. kidang c. ula
b. gajah d. cecek
33. Pitutur luhur sing kamot nang tembang Gambuh ing dhuwur becike manungsa kudu...
a. duwe kapinteran lan kekuatan
b. waspada lan bijak karo kaluwihane
c. bisa pamer kaluwihane marang wong-wong
d. duwe kaluhuran lan kekuwatan kanggo ngadhepi wong
34. Paedah sing bisa dipethik nek nyonto tumindak sing apik ya kuwe ...
a. uripe rekasa c. urip slamet
b. akeh kanca d. nemoni cilaka
35. Wos / isi tembang nang dhuwur dadi manungsa kudu ...
a. duweni sipat jujur lan seneng tetulung
b. aja duwe watak adigang, adigung, adiguna
c. ngutamakna kaluwihan kanggo dipamerna
d. gotong-royong marang tangga teparo supaya mulya

II. Wangsulana pitakonan nang ngisor kiye kanthi patitis!

Gatekna gambar-gambar nang sisih kiwa kanggo njawab nomer 36!



36. Gawea crita naratif adhedhasar prastawa sing ana nang gambar! (buat cerita naratif berdasarkan gambar!)

Wangsulan (jawaban) :

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

37. Waca ukara-ukara nangisor kiye banjur urutna dadi paragraf! (*urutkan kalimat di bawah ini supaya menjadi paragraf*)

A	Salah sijine anggota rombongan sing dikongkon nggawa koper isi dhuwit banjur nyelehaken gawanane nang cedhek sikile.
B	Nanging, pas dheweke lena ujug-ujug koper wis ilang.
C	Miturut petugas hotel, wong-wong sing njukut koper kuwe karekam kamera CCTV, nanging maling mau or aketon raine.
D	Rombongan mau kemalingan pas lagi jagongan nang ruang lobi Hotel Borobudur karo ngenteni kamar sing dipesen.
E	Rombongan tamu kepresidenan sekang organisasi Rabithah Alam Islam kelangan dhuwit 2,9 milyar pas arep nginep nang Hotel Borobudur, Jakarta.

Wangsulan:

.....

.....

.....

.....

.....

.....

Teks kanggo soal nomer 38-40

Pitutur bener iku,
sayektine apantes tiniru,
nadyan metu saking wong sudrapapeki,
lamun becik gone muruk,
iku pantas sira anggo.

Terjemahan:

Nasihat yang benar itu
Sejatinya pantas untuk ditiru
Meskipun berasal dari orang yang hina
Namun jika baik cara mengajarkannya
Pantas kamu tiru

38. Andharna paugerane tembang macapat nang dhuwur!

(Jelaskan aturan tembang macapat di atas!)

Cathetan: paugeran/aturan tembang macapat ada 3 yaitu guru gatra, guru wilangan, guru lagu!

Wangsulan:

.....

.....

.....

39. Gatra 1 lan 2 tulisna nganggo ukaramu dhewek! *(tuliskan maksud baris pertama dan kedua dengan kalimatmu sendiri!)*

Wangsulan:

.....

.....

.....

40. Apa amanat tembang ing dhuwur?

Wangsulan:

.....

.....

.....